

CENTERS FOR MEDICARE & MEDICAID SERVICES

## Rete ansante

### Sèvis Prevantif Medicare yo

Yon fason ki enpòtan e ki fasil pou rete ansante, se pran sèvis prevansyon ak deteksyon bonè pou maladi. Sèvis prevansyon ak deteksyon maladi bonè yo ka anpeche w pran sèten maladi oswa yo ka ede w dekouvri pwoblèm sante w bonè, e se lè sa a tretman an bay pi bon rannman. Pale ak doktè w oswa pale ak pwofesyonèl swen sante w pou konnen ki kalite tès oswa ki kalite sèvis ou ka bezwen, jan yo dekri sa pi ba, epi mande chak konbyen tan ou bezwen fè tès yo pou ka rete ansante. Si w gen Medicare Part B a, w ap ka jwenn anpil sèvis prevantif ki pap koute w anyen.

---

### Èske w te konnen Medicare kouvri Sèvis Prevansyon sa yo?

#### Depistaj Abdominal Aortic Aneurysm

Yon tès depistaj ultrason pou moun ki gen risk yo. Si fanmi w gen moun ki souffri abdominal aortic aneurysms oswa ou se yon gason ki ant 65-75 lane e ki fimen omwen 100 sigarèt nan lavi w, konsidere lavi w riske.

#### Depistaj Abi Alkòl ak Konsèy

Medicare kouvri yon sèl tès depistaj maladi alkòl chak ane pou granmoun ki gen Medicare (fanm ansent ladan l tou) pou idantifye moun ki alkolik yo, men yo pa depandan alkòl. Si tès depistaj la revele w pozitif, ou ka jwenn jiska 4 seyans konsèy fasafas chak ane (si ou konpetan ak atantif pandan konsèy yo). Yon doktè premye swen ki kalifye oswa yon lòt medsen dwe ba w konsèy la nan yon anviwònman premye swen (tankou nan lopital).

#### Mezi Mas Zo

Tès sa yo ede w wè si ou gen risk pou zo w kase. Medicare kouvri tès sa yo yon fwa chak 24 mwa (si sa medikalman nesèsè) pou sèten moun ki gen risk pou maladi osteyopowoz la.

## Èske w te konnen Medicare kouvri Sèvis Prevansyon sa yo? (kontinye)

### **Maladi kadyo-vaskilè (terapi konpòtmantal)**

Medicare pral kouvri yon sèl vizit pa ane ak doktè premye swen w lan pou ede w diminye risk pou maladi kadyovaskilè. Pandan vizit sa a, doktè w la ka diskite sou fason pou w itilize aspirin (si li apwopriye), tcheke tansyon w, epi ba w konsèy pou asire ke w ap manje byen.

### **Tès Depistaj Maladi Kadyo-Vaskilè**

Mande doktè w pou teste nivo kolestewòl, lipid ak trigliserid ou pou ede w detèmine si ou gen risk pou yon atak kè oswa konjesyon serebral. Si w gen risk, gen etap ou ka pran pou evite kondisyon sa yo. Medicare kouvri tès pou kolestewòl, lipid, ak trigliserid chak 5 an.

### **Tès depistaj Kansè Kolorektal**

Tès sa yo ap ede w idantifye kansè kolorektal byen bonè, lè tretman ap travay pi byen. Si ou se 50 an ou plis, oswa ou gen gwo risk pou kansè kolorektal, Medicare ap kouvri youn oswa plizyè nan tès sa yo: tès rechèch san nan sèl, sigmoidoskopi fleksib, tès depistaj kolonoskopi, barium enema, ak tès milti-sib pousyè ADN (tankou Cologuard™). Kantite fwa Medicare peye pou tès sa yo depann de tès la ak nivo risk kansè sa a. Ou menm ak doktè w ka deside ki tès ki pi bon pou ou.

### **Tès Depresyon**

Medicare kouvri yon tès depresyon chak ane pou tout moun ki gen Medicare. Yo dwe fè tès depistaj la nan yon anviwònman premye swen (tankou klinik yon doktè) ki ka bay tretman ak referans swivi, si sa nesèsè.

### **Tès Depistaj pou Dyabèt**

Medicare kouvri tès depistaj pou dyabèt oswa pre-dyabèt. Tès sa yo disponib si ou genyen nenpòt nan faktè risk sa yo: tansyon wo, istwa kolestewòl ki pa nòmal ak nivo trigliserid (dislipidemi), obezite, oswa yon istwa nan sik nan san wo. Tès yo tou kouvri si ou gen 2 oswa plis nan sa yo: 65 an oswa plis, twò gwo, istwa famiyal nan dyabèt (paran, frè, sè), yon istwa dyabèt jèstasyonèl (dyabèt pandan gwosès), oswa ou te akouche yon ti bebe ki peze plis pase 9 liv. Sou baz rezilta tès sa yo, ou ka kalifye pou jiska 2 egzamen chak ane. Pale avèk doktè w pou plis enfòmasyon.

## **Fòmasyon pou w aprann jere dyabèt ou poukont ou**

Fòmasyon ap ede w epi montre w fason pou w debouye w ak maladi sik la epi jere l. Pwogram nan ka gen konsèy pou w byen manje, rete aktif, kontwole sik ou, fason pou pran medikaman w epi diminye risk yo. Ou dwe fè sik epi ou dwe gen yon òdonans.

## **Vaksen Grip**

Vaksen sa yo kapab anpeche w pran gripe oswa viris ki bay grip. Medicare kouvri grip sa yo yonfwa chak sezon yo rive.

## **Tès Glokòm**

Tès sa yo ede w idantifye maladi glokòm nan je w. Medicare kouvri tès sa a yon fwa chak 12 mwa pou moun ki gen gwo risk pou glokòm.

## **Vaksen Epatit B**

Seri vaksen sa yo ede w pwoteje moun kont Epatit B. Medicare kouvri vaksen sa yo pou moun ki gen risk medyòm oswa gwo risk pou Epatit B.

## **Tès Enfeksyon Viris Epatit B (HBV)**

Medicare kouvri tès enfeksyon HBV si ou gen gwo risk pou enfeksyon HBV oswa si ou ansent. Medicare pral sèlman kouvri egzamen sa yo si se yon founisè swen prensipal ki te preskri l. Tès enfeksyon HBV yo kouvri chak ane sèlman pou moun ki gen gwo risk kontinye ki pa pran yon vaksen kont Epatit B. Ak pou fanm ansent nan premye vizit prenatal pou chak gwosès, nan moman akouchman pou moun ki gen nouvo faktè oswa risk kontinyèl, nan premye vizit prenatal pou gwosès la alavni, menm si yo te deja ba li vaksen epatit B a oswa te rezilta tès depistaj HBV a te negatif.

## **Depistaj Epatit C**

Medicare kouvri yon egzamen tès epatit C yon sèl fwa pou moun ki fèt ant 1945 ak 1965. Medicare kouvri repete egzamen chak ane pou sèten moun ki anbo gwo risk ki kontinye angaje yo nan konpòtman ki gen gwo risk. Moun ki gen Medicare ki anba gwo risk ranpli omwen youn nan kondisyon sa yo: itilizasyon dwòg ilegal nan tan pase oswa kounye a, oswa yo te gen yon transfizyon san anvan 1992.

## Èske w te konnen Medicare kouvri Sèvis Prevansyon sa yo? (kontinye)

### **Depistaj VIH**

Medicare kouvri depistaj VIH (Viris Defisyans Iminite a) si ou gen 15–65 lane, ou pa gen risk epi mande pou tès depistaj la oswa ou gen mwens pase 15 oswa plis pase 65, nan yon risk ogmante epi mande pou tès depistaj la. Medicare kouvri tès sa a yon fwa chak 12 mwa oswa jiska 3 fwa pandan yon gwosès.

### **Tès Depistaj Kansè nan Poumon**

Medicare kouvri depistaj kansè nan poumon ak Tomografi D ki ba (LDCT) yon fwa chak ane si tout kondisyon sa yo reyini: laj 55-77, yon fimè aktyèl oswa te kite fimèn nan 15 dènye ane yo, gen yon istwa fimèn tabak nan omwen 30 “Ane konplè” (yon mwayèn de yon pake pa jou pandan 30 ane), epi pou yo jwenn yon òdonans ekri nan men doktè w oswa yon doktè pratikan ki kalifye. Anvan premye tès kansè nan poumon w lan, ou pral bezwen pran yon randevou avèk doktè w pou diskite sou benefis ak risk tès kansè nan poumon an. Ou menm ak doktè ou ka deside si egzamen kansè nan poumon an ap bon pou ou.

### **Depistaj Mamogram (Depistaj kansè nan tete)**

Medicare kouvri mamogram yon fwa chak 12 mwa pou tout fanm 40 oswa plis. Medicare tou kouvri yon mamogram debaz pou fanm ant 35-39 an.

### **Sèvis Terapi Nitrisyonèl Medikal**

Medicare ka kouvri terapi nitrisyonèl medikal ak sèten sèvis ki gen rapò si ou gen maladi dyabèt oswa maladi ren, oswa ou te gen yon transplantasyon ren nan 36 dènye mwa yo, epi doktè w oswa lòt medsen ki kalifye ki pa doktè refere w pou sèvis la.

### **Pwogram Prevansyon Medicare kont maladi Sik**

Si ou gen Medicare Pati B, fè atak sik, epitou ou ranpli lòt krite a, Medicare kouvri yon pwogram konpòtman sante apwouve yon fwa-pou-lavi pou ou pou ede w tonbe nan dyabèt tip 2. Pwogram nan kòmanse ak omwen 16 sesyon debaz yo ofri nan yon anviwònman gwoup sou yon peryòd 6 mwa. Apre sesyon debaz yo, ou ka kalifye pou sesyon adisyonèl chak mwa yo ki pral ede w kenbe abitud k ap benbe w an sante.

## **Egzamen obezite ak konsèy**

Si ou gen yon mas endèks (BMI)30 oswa plis, Medicare kouvri sesyans terapi konpòtman pou ede w pèdi pwa. Konsèy sa a ka kouvri si ou jwenn li nan yon anviwònman premye swen (tankou klinik yon doktè), kote li ka kowòdone avèk lòt swen w ak yon plan prevansyon pèsonalize.

## **Pap Tès ak Egzamen Pelvic (tou gen ladan yon egzamen tete)**

Tès ak egzamen laboratwa sa yo verifye kansè matris ak kansè nan vajen. Medicare kouvri tès sa yo ak egzamen yo chak 24 mwa pou tout fanm ak yon fwa chak 12 mwa pou fanm ki gen gwo risk. Medicare tou kouvri tès Human Papillomavirus (HPV) (lè li fèt ak yon Pap tès) yon fwa chak 5 ane si ou gen laj 30-65 san sentòm HPV.

## **Vaksen Nemokòk**

Medicare kouvri yon vaksen kont nemokòk pou ede w evite pran enfeksyon nemokòk yo (tankou sèten kalite nemoni). Medicare tou kouvri yon dezyèm vaksen si se yon ane annapre yo bay li (oswa pita) apre premye vaksen an. Pale ak doktè ou oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante pou nou wè si w bezwen vaksen sa yo.

## **Vizit prevantif**

**Vizit prevantif inik “Byenveni nan Medicare”prevantif la**—Medicare kouvri yon sèl egzamen sante pou ou ak edikasyon epi konsèy sou sèvis prevantif yo, tankou sèten tès, vaksen ak referans pou lòt swen, si sa nesèsè. Medicare kouvri vizit sa a sèlman nan 12 premye mwa Medicare Pati B (Asirans Medikal).

**Vizit “Byennèt” chak ane**—Si ou gen Part B a deja depi plis pase 12 mwa, ou ka jwenn yon vizit “Byennèt” chak ane pou w devlope oswa pou w mete yon plan prevansyon pèsonalize ajou, ki baze sou sante ou ak faktè risk aktyèl ou yo. Medicare kouvri vizit sa a yon fwa chak 12 mwa.

## **Depistaj Kansè Pwostat**

Tès sa yo ede idantifye kansè pwostat. Medicare kouvri yon egzamen rektal dijital ak yon tès laboratwa espesifik antijèn (PSA) yon fwa chak 12 mwa pou tout gason ki gen plis pase 50 an ak Medicare (kouvèti asirans lan kòmanse jou apre anivèsè 50 an w).


## Èske w te konnen Medicare kouvri Sèvis Prevansyon sa yo? (kontinye)

### **Depistaj Enfeksyon Seksyèlman Transmisib ak Konsèy**

Medicare kouvri tès depistaj enfeksyon transmisib seksyèlman (STI) pou klamidya, gonore, sifilis ak epatit B. Yo kouvri tès sa yo pou moun ki gen Medicare ki ansent e/oswa pou sèten moun ki gen plis risk pou yon STI lè yo se yon doktè oswa yon founisè swen prensipal ki bay preskripsyon an. Medicare kouvri tès sa yo yon fwa chak 12 mwa oswa jiska yon kantite fwa pandan yon gwosès. Medicare tou kouvri jiska 2 tès 20 a 30 minit, sesyans konsèy fasafas chak ane pou granmoun seksyèlman aktif nan ogmante risk pou STI yo. Medicare pral sèlman kouvri sesyans konsèy sa yo si se yon founisè swen prensipal ki bay preskripsyon an epi li fèt nan yon anviwònman premye swen primè, tankou klinik yon doktè. Konsèy yo bay nan yon anviwònman pasyan ki entène, tankou yon etablisman retrèt kalifye, pap kouvri kòm yon benefis prevantif.

### **Sesasyon Itilizasyon Tabak ak Sigarèt (konsèy pou sispann fimen oswa itilize pwodui tabak)**

Medicare ap kouvri jiska 8 vizit fasafas pandan yon peryòd 12 mwa. Tout moun ki gen Medicare k ap itilize tabak kouvri. Se yon doktè ki kalifye oswa yon lòt founisè Medicare rekonèt ki dwe fè vizit sa yo.



### **Sa w gen pou peye**

Ou pa gen pou peye anyen pou plizyè sèvis prevantif si w ale pran yo kay yon doktè ki kalifye oswa kay yon pwofesyonèl swen sante ki aksepte bay sèvis sa yo. Pou sèten sèvis prevantif, ou ka oblije peye yon dediktib, yon ko-asirans, ak/oswa yon kopeman. Montan sa yo varye selon tip sèvis ou bezwen yo e selon jande plan asirans Medicare ou genyen.

### **Pou sa gen plis enfòmasyon**

Pou ka gen plis detay sou pwoteksyon asirans Medicare bay pou sèvis prevantif yo, ikonpri depans ou gen pou fè nan Original Medicare, ale nan sit [Medicare.gov/publications](https://www.medicare.gov/publications) pou gade oswa pou enprime tili “Gid ou pou Sèvis Prevantif Medicare (Your Guide to Medicare’s Preventive Services).” Oswa, rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) epi mande pou yo ba w yon kopi. Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.

Epitou ou ka enskri nan [MyMedicare.gov](https://www.mymedicare.gov) pou ka jwenn enfòmasyon dirèk sou sante prevantif ou - 24 è pa jou, toulejou. Ou ka suiv sèvis prevantif ou yo, ou ka pran yon kalandriye sou 2 zan ki gen tès ak depistaj ke w kalifye pou resewva e ke Medicare kouvri, epi w ka enprime yon rapò pèsònèl “plop-plop” pou bay doktè w la nan pwochen randevou w la



Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou Medicare nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou w depoze yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Ale nan [Medicare.gov/about-us/nondiscrimination/accessibility-nondiscrimination.html](https://www.medicare.gov/about-us/nondiscrimination/accessibility-nondiscrimination.html), oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w jwenn plis enfòmasyon. Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele 1-877-486-2048.

Se Depatman Sante ak Sèvis Imen ki peye pou li.